

Lis Kontwòl Dokiman Nesèsè pou Enskripsyon nan BPS



Tout fanmi k ap enskri yon nouvo elèv nan Lekòl Piblik Boston dwe pote dokiman egzijè suivan yo avèy yo nan yon Sant Dakèy kòm pati pwosesis enskripsyon an. Nou pa kapab trete demann yo san dokiman sa yo.

TOUT dokiman suivan yo:

- Ak de **nesans orijinèl** timoun nan, **fòm I-94** li **oswa paspò** li*
 - vaksinasyon** timoun nan ki ajou (gade anba a)
 - Idantifikasyon** Paran an/Responsab la **ki genyen foto l ladan l**
- * Pou w itilize paspò a, w ap bezwen ranpli yon Afidavit Paran BPS

DE (2) nan dokiman sa yo:

Dokiman yo pou prèv lojman dwe enprime davans e yo dwe genyen non ak adrès aktyèl paran/responsab elèv la ladan yo. Prèv yo pa kapab tonbe anba menm kategori.

- Yon **bòdwo sèvis piblik** ki pa pi ansyen ke 60 jou (li pa ka yon bòdwo dlo ni yon bòdwo telefòn pòtab)
- Yon **ak notè pou pwopriete oswa yon pèman ipotèk** ki genyen dat 60 jou ki sot pase yo, oubyen yon **bòdwo enpo pou pwopriete** ki pa pi ansyen ke ane ki sot pase a
- Yon **relve kont bank oswa relve kat kredi** ki pa pi ansyen ke 60 jou
- Yon **fòm W2** ki pa pi ansyen ke en (1) an ki sot pase a, oswa yon souchèk ki pa pi ansyen ke 60 jou
- Yon lèt ki sot nan men yon **ajans gouvènman apwouve*** ki pa pi ansyen ke 60 jou

* **AJANS GOUVÈNMAN APWOUVE YO:** Depatman Revni (DOR), Sèvis Timoun ak Fanmi (DCF), Asistans Transizyonèl (DTA), Sèvis pou Lajènès (DYS), Sekirite Sosyal. Kèk kominikasyon ki genyen yon Antèt Eta Massachusetts anwo l kapab sèvi tou.

	K0/K1 (laj 3-4 zan)	K2 (laj 4-5 an)	Ane 1-6	Ane 7-12
Hepatiti B	3 dòz*	3 dòz*	3 dòz*	3 dòz*
DtaP/DTP/DIT/Td	≥ 4 dòz DtaP/DTP	5 dòz DtaP/DTP	≥4 DtaP/DTP oubyen ≥3 Td	≥4 dòz DtaP/DTP oubyen ≥3 dòz Td
Tdap	-	-	-	1 dòz
Polyo	≥ 3 dòz	3-4 dòz^	3-4 dòz^	3-4 dòz^
"Hib"	1-4 dòz	-	-	-
MMR	1 dòz*	2 dòz*	2 dòz*	2 dòz*
Varisèl (saranpyon)	1 dòz*	2 dòz*	2 dòz*	2 dòz*
^^MenACWY (Menengokòk konjige)	-	-	-	1 dòz klas 7yèm ane 1 dòz ≥ laj 16 an (piki rapèl)
Grip	1 dòz chak ane**	1 dòz chak ane**	1 dòz chak ane**	1 dòz chak ane**

*oswa dokimantasyon ofisyèl maladi a oswa iminite

** Tout moun ki genyen laj 6 mwa oswa ki pi gran dwe resevwa vaksen pou grip sezonye a, pou sezon grip aktyèl la (de jiyè jiska jen) chak ane, pa pi ta ke 31 desanm. Nouvo elèv k ap rantrè lekòl ant 1ye janvyè ak 31 mas dwe resevwa yon dòz vaksen pou sezon grip aktyèl la pou yo kapab rantrè lekòl.

^Timoun yo dwe resevwa dènye dòz la jou 4yèm anivèsè yo oswa apres a plis ke 6 mwa aprè dòz presedan an, oubyen yon lòt dòz anplis ap nesèsè

^^Vaksen Konjige Menengokòk nesèsè pou elèv yo rantrè nan klas 7yèm ane ak yon dòz piki rapèl ("booster") jou 16yèm anivèsè yo oswa apre sa.

Apa de sa, nou reyèlman rekòmande pou pitit ou a resevwa yon Evalyasyon Risk Tibèkiloz pandan randevou egzamen medikal li fè chak ane a.

Kèk sityasyon espesyal. Esepte nan yon ka ijan oswa yon epidemi, elèv yo kapab kòmanse lekòl si ke yon paran oswa gadyen responsab prezante yon deklarasyon ekri (1) ki sot nan men yon medsen ki di ke pitit yo pa vaksine pou rezon medikal, oswa (2) ke pitit la pa vaksine pou rezon kwayans relijye l.

Dwa legal sou timoun nan mande plis dokiman ki sot nan swa yon tribinal oswa yon ajans.

Tout non sou dokiman egzijè yo dwe menm. Si yo diferan, tanpri founi dokiman legal ki montre chanjman non an.

KÈK TI KONSÈY:

Ou kapab telechaje ak notè pwopriete yo sou sit entènèt: www.suffolkdeeds.com

Afidavit Lojman BPS yo disponib nan tout Sant Resous Fanmi yo, osinon sou sit entènèt: bostonpublicschools.org/register

Pou bòdwo ou peye sou entènèt yo, n ap asepte yon bòdwo enprime tou si toutfw a l genyen adrès kay la ak dat la sou li.

REGLEMN LEKÒL PIBLIK BOSTON SOU AFÈ LOJMAN

Avan ke yon elèv kapab enskri pou yon Lekòl Piblik Boston, paran/gadyen responsab elèv la dwe pwouve lojman legal prensipal li nan vil Boston avèk dokiman lojman sila yo ki dekri anwo a. Dokiman sa yo, akonpaye ak yon pyès idantifikasyon ki gen foto ladan l, nesèsè tou pou w fè nenpòt chanjman adrès.

Regleman lojman sa a pa aplikab a elèv ki san lojman.

Fwod (magouy) nan afè lojman se yon vyolasyon lwa eta Massachusetts, e yon moun ki komèt yon tèl vyolasyon sijè a peye amann chak jou pou chak jou ke elèv la ale lekòl andeyò distri kote l abite legalman an. **DENONSE FWOD LOJMAN!** Rele Liy Denonsyasyon an san w pa bezwen idantifye kilès ou ye, nan nimewo:

617-635-6775

Pou w kapab jwenn plis enfòmasyon sou enskripsyon ak deziyasyon nan Lekòl Piblik Boston, ale sou sit entènèt: www.bostonpublicschools/register